

PrEP bis bu nekk: Ab Téere tegtal ngir jëfandikukat



PrEP ngir Fagaru ci VIH

Prophylaxie bunu teela jog (pre-exposure prophylaxis, PrEP) garab la gu wóor te am njariñ ngir fàggu VIH PrEP mingi am ci xeetu doom bis bu nekk (Truvada wala generik bi, wala Descovy) wala pikiir booy jot ñaari weer yu nekk.

PrEP bis bu nekk

Naan benn doom PrEP benn yoon bis bu nekk baax ne te dina taxawal VIH:

- Ci bépp xeetu sëy wala ci pikiir drog
- Ngir bépp góor wala jigéen wala jubluwaay ci wàllu awra



Nanga jël PrEP bis bu nekk.

- Nanga naan PrEP bis bu nekk, doonte bis yi nga dul téddee wala nga jël dorog.
- Xalaatal naan doom PrEP balaa ngay téddee wala ginaaw booy téddee sudee góor nga te ngay téddee góor.

Soo amee jafe-jafe naan benn doom bis bu nekk:

- Waxtaan ak sa fajkat mu soppi pikiiru PrEP ñaari weer yu nekk.
- Sudee góor nga te ngay téddee góor, balaa ngay téddee ak ginaaw boo téddee dangay naan PrEP.

Nga fàttaliku naan sa doom:

- Defal ab fàttaliku bis bu nekk ci sa telefon wala ci sa almanaak.
- Nanga jël PrEP balaa wala ginaaw benn liggéey, lu ci melni sooy ndékki wala ngay tédde.
- Deel yab ab doom PrEP ci keesu doom wala nga laxas ko ci këyit aluminium. Su loolu amee, soo fàttee yóbbu ko sa kër wala nga soppi sa pexe, dinga wéy di yóbbaaale PrEP bi.

Soo sèyee ak ginnaaw, PrEP dafay baax lool ci wàllu fàggu VIH, doonte yenn saa yi dangay fàtte naan benn doom. Soo sèyee jaaree ko ci kanam, PrEP mooy gëna baax sooy naan doom bi bis bu nekk.

Xoolal ak sa Fajkat

Ñatti weer yu nekk demal seeti sa fajkat ngir mu bindaat sa ordonaas ba noppi ñu càmbar la ndax amoo VIH wala yeneen feebar yuy jóge ci yeneen infeksiyon yuñuy jëlee ci awra (sexually transmitted infections, STIs). Yenn fajkat yi dañuy lay seet jaaree ko ci woote telefon wala wideo. Wax ko sa fajkat sudee:

- Dafa am lépp lu mëna jafeel ca jël PrEP
- Njeexital yi deñu lay sonal
- Danga am yaram wu tàng, gland yu neewi, wala ay tëndandiir — loolu mën na nekk màndarga yi njékka wane ni am nga VIH

Moytul ci PrEP

- PrEP dafay wàññi risku am VIH ci diggante sëy lu tollu ci 99% soo ko jëlee ni ko doktër bi bindee. Jëfandikoo kawas dafay gëna aar ci VIH.
- PrEP fagaru ci VIH kese. Ngir fagaru ci yeneen STI, deel faral di saytu STIs te ngay jëfandikoo kawas. Soo béggee fagaru ci ëmb, jëfandikool kawas wala leneen luy tere ëmb.

PrEP dafay baax doonte dangay naan sàngara wala nga jëfandikoo dorog. Du tere pajum ormoon wala bépp xeetu kontrasepsion. Soo ëmbee, jarul nga bàyyi jël PrEP.

Des ci PrEP

- Desal ci PrEP sudee dangay sëy te mën nga am VIH.
- Waxtaan ak sa fajkat sudee danga bégga bàyyi PrEP wala sudee danga ko bàyyi ba noppi nga bégga tàmbaliwaat.
- Soo bàyyee PrEP, jëfandikoo kawas wala beneen peXe ngir moytu VIH.

Waxal ci bépp Njeexital

PrEP mën na indi yeneen jafe-jafe yu woyof, lu ci melni xel mu teey, biir buy woñaaru, coono, ak boppu buy metti. Njexital yooyu dañuy faral di wér wala ñu dem ci weer wi njëkk ci jël doom PrEP. Waxtaan ak sa fajkat sudee jafe-jafe yi wéy di la sonal.

- Ngir moytu xel mu teey, naan PrEP ak sàndiis. Ngir xel mu teey bi baña feeñ, nanga jël PrEP balaa ngay nelaw. Soo béggee féexal xel mu teey, jéemal lekk bonbon ginger wala ataaya mente.
- Soo béggee wàññi ngelawal bi wala gonngoor gi, jéemal jëfandikoo garab guy wàññi ngelawal bi te soxlawul ordonaas.
- Soo amee ginaaw kër yu ndoxe yu lay sonnal, jéemal jël ay fercent yuy dëgërël.

Medicaid ak assurance wérgi-yaram yu bari dañu wara fay PrEP te doo fay dara. Soo amee jafe-jafe ngir fay PrEP, waxtaanal ak sa fajkat mu xool ndax am na ndimmbalu xalis bu jàppandi ngir yaw.

Ngir am ci yeneen leeral ak yeneen tegtali jëfandikukat, demal ci nyc.gov/health/hiv wala nga eskane kodu QR bi.

